ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№169 (23.327) ● 2016 гъэм шыщхьэІум (августым) и 31, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Махуэшхуэ Іуэхухэр дахэу икІи зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІын хуейщ

КЪБР-м и Іэтащхьэм дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щрилъэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ. ЩІэныгъэм и махуэмрэ республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ щрикъу махуэмрэ захуэгъэхьэзырыныжмкІэ икІи егъэкІуэкІынымкІэ къыздэгъэпэщакІуэ зэфІигъэкІахэм.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭ комитетым и унафэщІ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ М. М.**, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Тату Къ. Б.**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Говоров С. А.**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуз Н. Гъу.**, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей А. М.**, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ М. Л.** сымэ іэпсэлъахэм едэІуа нэужь, республикэм и Іэтащхьэм хьихигъэщъхьэкІащ законымрэ хабзэмрэ хуэмэнымкІэ, цІыхухэм я зэхуэсыпІэу щыт щІыпІэхэм, терроризм и шынагъуэ къатемыгъэхьэнымкІэ, оперативнэ къарухэр сытым дежи хьэзыру щыгъэтынымкІэ лэжьыпхъэхэр иджыри зэрыщыІэр.

«Гуфіэгъуэ Іуэхухэр екІуу икІи зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІын хуейщ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ центрым и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІым хохъуэ

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и республикэ клиникэ сымаджэщым лъынтхуэ узыфэхэмкІэ и центрым атеросклероз зиІэхэм я лъакъуэхэм хэль лъынтхуэшхуэхэр Іэкіуэлъакіуэу ягъэхъужу щІадзащ.

АБы ПАПЩІЭ стентхэр - лъынтхуэр зэкІэщІэзыгъэкІ икІи тэмэму лъыр щызекІуэу зыщІыж Іэмэпсымэхэр къагъэсбэп. Нэхъ япэхэм апхуэдэ операцэ ирагъэщІын папщІэ сымаджэхэр щІыпІэ жыжьэхэм яшэн хуей хъууэ щытащ.

Узыфэхэр зэхэгъэкІынымкІэ рентгенохирургие Іэмалхэр къыщагъэсбэп къудамэм и унафэщІ Акьбащ Марьянэ зэрыжиІэмкІэ, стентхэр къэгъэсбэпыныр а узыфэ іэныгъэр гъэхъужьмкІэ иджыпсту нэхъ тэмэму дуней псом къыщалъытэ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

● Ди щІыналъэхэм

Псыдзэм и Іэужьхэр

Шэрэдж

Жэмтхьэлэ Ипщэм щыпсэухэр мы зэманым зэфэну псымкІэ гугъу йохь. Зэпыу имыІэу абыхэм къаІэрыхьэу щыта псынэпсыр зы махуэм хъриубыдэу зэпыуащ, бгым къеха псыдзэм и зэранкІэ.

КЪУАЖЖМ километри 8-кІэ пэІэщІэу ирикІуэ псыщІагъ бжьамийхэрщ нобэм къэс пынэпсыр къыззэрыкІуар. Бгым къеха псыдзэм ар зыри къыхэмынэу зэхикъутащ. Къуажэ администрацэр хьэрычэтыщІэкэм ягурыІуэуэ цІыхуэр зэфэну псыр нэгъэщІ щыпІэхэм къыхуращ. Гугъу йохь Іэщ зиІэхэмрэ бгыпІэ щыпІэхэм хадзэкІ тІэкІу щызыгъэкІэмрэ. Бжьамийхэр зэгъэпэщыжыным зэмани мылъкуи текІуэдэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Ари гукъеуэм щыщт

Аруан

Аруан къуажэм КІэфо зэкъуэшхэм я щІэхэр зэрихьэу иІэ уэрамыр зыхуей хуагъэзащ.

АРУАН щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм хъыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, метр 700-м нэблагъэ уэрамым асфальт зэрытемылъым щІыхуэр гугъу иригъэхьырт. Пуэгум и кІыхьагькІэ зэгуэр тракІута мывэкІэщхьэр кууэр щІым хэтІыхьат, щІыпІэ-щІыпІэхэм къыщыгъэуа кумбІэмбгэм уэшхыпсыр ириубыдэрт, транспортым зекІуэмкІэ зэрану.

Асфальтыр мардэщІэхэм тету зэрытралъхьар а уэрамым тесхэм гунэс ящыхьащ.

Лэжьыгъэр и кІэм зэрынагъэсу, а уэрамым маршрутнэ таксихэр щызекІуэ хъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэзыдзхэм гу зылъатапхъэ

2016 гъэм фокІадэм и 1-м щегъэжьауэ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эм псоми цІыхухэм Іэ щІыпІрадзэ хъунущ 2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. Ахэр связыи и лэжьакІуэхэм и зэманым унэм нысфхуахьыжинущ е, нэхъ къафщІтэмэ, газетхэмрэ журналхэмрэ пощт Іуэхущ Іапі эхэм къыщефІыхьыж хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къегъэхьыным пыщІауэ фызыщІымыгъуазэ псомкІи феупщІ хъунущ пощтым и Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и къудамэу КЪБР-м щыІэ.

Тырныауэ къалэм и Фэеплъ утыкум фокІадэм и 1-м. сыхьэт 11-м деж щІадзэнуэ районым и творческэ гуп нэхъыфІэхэм махуэшхуэ концерт щатынущ. «Солнышко» сабий паркым и лэжьакІуэхэм пщІэншэу цІыкІухэм я нэгу зрагъэужьынущ сыхьэти сыхьэт 18-м нэсыху.

РАЙОН музейм щІидзауэ щолажьэ «Блэкіам дрогуашхуэ, къэкІуэнум фІэщхьуныгъэ тхэлъу дыхоплъэ» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы къекІуалІэхэм я дежкІэ гъэщІэгъуэнщ республикэм и тхыдэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Іуащхьэмахуэ районым зегъэужьыным куэд хэзыщІыхьа цІыхухэм ятеуху ха стендэхэр.

Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм Іуащхьэмахуэ районыр жьыджэру хэтІынущ Налшык щекІуэкІыну гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм. Абы балъкъэрхэм я уней льапсэ Абхъазым и утыкум къыщыізІуихынущ, апхуэдэу цІыху Іэпщ Іэльапщ Іэхэм фэм, пхъэм, гипсым къыхащІыкІа хъэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр игъэльэгъуэнущ, туризмэм и Іэнатіэм и щытыкІэр утыку къырихьэнущ.

ФокІадэм и 1-м сыхьэти 10-м щыщІадзауэ районым и школ псоми «Си республикэ» дерс зэІухахэр щрагъэкІуэкІынущ. Абыхэм кърихьэлІэнущ КЪБР-м и Парламентым, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ Іуащхьэмахуэ район советым и депутатхэр, спортсмен цІэрыІуэхэр.

ТАРІМ Алисэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

ЕкІуу, Іэтауэ ягъэлъэпІэнущ

ЯльэгъуамкІэ арэзыуэ, министрымрэ абы щыІгъу хьэщІэхэмрэ Налшык къаГъэзэжа нэужь, **Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ** Правительствэм и Унэм щызэІущІащ. Ахэр телсэлъэхьаращ республикэм и агропромышленнэ комплексым игъэтыну къэрал дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдзэ, ныкъалъхьа инвестицэ проектышхуэ зыбжанэр щагъэзэщІэну пІалъэхэмрэ абыхэм мылъку зэпхыгъэхьыну щыкІэмрэ. ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ ныгъуэщІ щыпІэхэм кърашу щытахэм я пІэкІэ иджы ди деж къыщалэжь мэкъумэшхэкІэм я фІагъыи я куэдагъыи дяпэкІэ хагъэхьуэн зэрыхуейр.

Шэджагъуэ нэужьым Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ жыг хадзэкэм зегъэужьыным теухуа Урысейпсо зэІущІэ Правительствэм и Унэм щрагъэкІуэкІащ.

Къэралым и щІыналъэ плІыщІым щІигъум я лІыкІуэхэр зыюхэта зэхьыхьэ къыщыізІуихыжи республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр и агропромышленнэ комплексым иужьрей зэманым зэпІэзэрыту зэрызиужьыр. Абы къыізэригъэлъэгъуамкІэ, мэкъумэшхэкІыу сом мелард 38,5-рэ и уасэ е ипэ ита илъэсым елъытауэ проценти 4,4-кІэ нэхъыбэ нэгъабэ къалэжьащ.

- А Іэнатіэм зегъэужьыныр ерысскъыпэхъэ щынагъуэншагъэр къыззыгъэпэщ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыдольэхъэ. Гъавэрэ джэшхэкІыу тонн мин 948-м нэблагъэ гъэ кІуам къыответхащ. Мы илъэситху гъунэгъум а бжьыгъэ тонн мелуаным нэдгъэсыну ди мурадщ. Жыг хадзэу дгъэкІым, хадзэкІыу зетхьэм дяпэкІи хэдгъэхъэунущ. Нэгъабэ жыгыщІэу гектар мин дгъэтІысыну тедухуати, гектар мини 2,5-м нэблагъэ хэтсащ, мы илъэсми абыхэм мини 2-м нэс къахэдгъэхуэнущ икІи 2020 гъэм ирихьэлІэу, нэхъ мащІэрауэ, гектар мини 10 диІэнущ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мини 125-м щІигъу нэгъабэ къетхьэлІэжащ. Ар ипэ ита илъэсым зэрыхъуаи процентэ 5,4-кІэ щІегъу. Абыхэмкіэ ирикъуу зыкъыізэдгъэпэщыжри, къэралым и нэгъуэщІ щыпІэхэм тонн мин 30-м щІигъу яхуеІуэ щыта. 2020 гъэм ирихьэлІэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу къетхьэлІэр тонн мин 400-м нэдгъэсыну Іэмал диІэщ. Хадзэкэкіыу тонн мин 407-м нэблагъэ къетхьэлІэжащ, тонн мин 200-м щІигъу къыщІэупщІэхэм етщащ. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкэІ хъумапІэхэр зыхуэдзэр флъэгъуащ, щекІуэкІ лэжьыгъэм фыкІэлъыплъащ. Апхуэдэ гъэтІылъыпІэхэр дяпэкІи духуэнущ.

Республикэм и Іэтащхьэр Іэщыхъуэхэм я зэфІэкІми къытеувыІащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, былымылрэ джэдкъэзылу (зэрыпсэууэ шэчауэ) тонн мини 105-рэ, гъэшу тон мин 450-рэ нэгъабэ къалэжьащ. А бжьыгъэхэри ипэ ита илъэсым яхуэзфІэкІам проценти 6-кІэ, проценти 2-кІэ щІегъу. Ерыскъы промышленностым и предприятэхэм щагъэхьэзыра продукцэу сом мелард 25-рэ и уасэ зэгурыІуэныгъэкІэ Іурагъэшащ. Апхуэдэ ерыскъыхэкІыу къыщІагъэкІым и индексыр проценти 141,4-м нэсащ.

- Пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкэкІ консерву дгъэхьэзырым я бжьыгъэр 2020 гъэм банкІ мелуан 550-м тхунэгъэсынущ, хьэрхуэрыгъэр щытепщэ рынокым ди лъэр щыдгъэбыдэнущ. Абы папщІэ, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм нэхъри нэхъ жыджэру дыдэлэжьэнущ. Ди щыщІэныгъэхэмрэ дызыхунэмысахэмрэ щІэтхъумэркъым, ахэр зэрыдгъэмащІэным, зэрыдгъэзэкІуэжным зэпымыууэ дыхущІокъу, дяпэкІи абыхэм ткІийуэ ди нэІэ тедгъэтынущ, - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэм икІи Ткачев Александр псалъэ иритащ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, жыггъэкІэхэм я Урысейпсо зэІущІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІахьам мыхьэнэ хэха иІэщ. Иужьрей илъэсхэм республикэм а Іэнатіэм жыджэру зэщІежь. Мы зэманым абыкІэ Урысейм бжьыпэр щиІыгъущ.

- Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мелуанищым нэблагъэ илъэс къэс нэгъуэщІ къэралхэм къыщыдощІэху, сом мелардхэр тфІокІуэд. Апхуэдэ щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ зедгъэхъуэжыну къытпэщытащ, абы папщІэ, щыІэ Іэмал нэхъыфІхэр тегушхуауэ къэдгъэсэбэпын хуейщ. Нэгъабэ а Іуэхум сом меларди 2,5-рэ хуэхэтхащ, жыгыщІэу гектар мин 14,3-рэ хэтсащ. Абы щыщу гектар мини 9,6-р псынщІэу зызыужьхэм хуэдэщ. ЕтІанэгъэ жыггъэкІэхэм субсидиеу сом мелардиплІым нэблагъэ хуэхтыхыщ. КъищынэмыщІауэ, къэрал программэм сом меларди 2,1-рэ щыгъэбелджылащ. ГъэІэпхъэнхэр къэзыгъэкІэжми защІэдгъэкъуэнущ. 2020 гъэ пщІондэ жыг хадзэу гектар мин 72-рэ, абы щыщу гектар мин 68-р псынщІэу хэхъуэ лІэужьыгъуэхэм хуэдэу, хэтсэну къытпэщытащ. Ахэр кІэзэщІэувэмэ, дяпэ илъэс зыщыплІкІэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ къетхьэлІэм тонн мин щитхукІэ хэхъуэнущ. Апхуэдэу, фІагъ лІагъэ зиІэ Іэзэпхъэнхэр къэдгъэкІыжынущ щхьэкІэ, илъэс къэс питомникыу гектар щитху дгъэтІысын хуейщ, - жиІащ Ткачев Александр.

Министрыр щхьэхуэу къытеувыІащ а Іэнатіэм жыджэру зиужьын папщІэ къэгъэсэбэпыпхъэу къиІыпІэ Іэмалхэмрэ зэкІпІэхэмрэ.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм гъавэ щІэныгъэ механизацэмкІэ, химизацэмкІэ къэкІыгъэхэр хъумэнымкІэ и департаментым и унафэщІ **Чекмарев Пётр** иджырей технологиехэм тету пхъэщхьэмыщхьэр зехьэным теухуа къалэнхэр зэпкърихащ.

- Зэманым къегъуэр жыг хадзэкэр гъэкІыным и Іуэхум лъэныкъуэ куэдкІэ зэкъуэзуэ делэжьыну. Къэралым гъавэ хъарзынэ кІыщалэжь, ауэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу къыщрахьэлІэмкІэ хуабжьу дыкъыкІэроху. Ахэр махуэ къэс цІыхур зыхуей, узынщагъэм деждІэ сэбэпышхуэ зыпылъ ерыскъыгъуэщ. А Іэнатіэр къэтІэтын папщІэ, щІыпІэхэм нэхъыфІу щеэзгъ, щыбагъуэ лІэужьыгъуэхэр тэмэму къэхутэн, къыхэхын, куэду хэсэн хуейщ. ЗэщІакъуэжхэр щахъумэн, абыхэм щелэжьын зэрамыІэм хэщІыныгъэшхуэ къеша. Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ щытпІэгъуэхэмрэ нэгъуэщІ хэкІпІэхэмрэ къэдгъэсэбэпу, щытыкІэм зедмыгъэхъуэжу хъунукъым, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Я Іуэху епІлъыкІэхэр къаІуатэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и Жыггъэкіэхэм я зэгуэхэныгъэм и президент **Муханин Игорь.** Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм жыг хадзэкэмрэ зэкъумейхэмрэ гъэкІынымкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ **Егоров Евгений**, Липецкэ областым хыхьэ Лебедянскэ районым Октябрыр илъэс 15 зэрырикъум и щІэкІэ щыІэ акционер обществэ зэхуэщІам и Іэтащхьэ **Еремеев Дмитрий** сымэ.

ЗэІущІэм щыжаІахэр зэхалъхьажа нэужь, Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

АРУАН Алий.

● АПК

Іэнатіэм мылъку нэхъыбэ хухахынущ

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачев Александр щыщхьэуІум и 26-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ. Налшык къэухьлъатэ телъэтыкІыпІэм щыгъупІастэкІэ къыщрагъэблэгъа нэужь, республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щыгъуу, агропредприятэ зыбжанэм кІуащ, я Іуэхущ Іафэм зыхигъэгъуэзащ.

ЯПЭУ ЗДЭЩІЫАР «Фрукт-Трейд» ООО-рщ. 2013 гъэм къызэрагъэпэща Іэнатіэм жыджэру зеужь, и мурад нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг хадэ щызезыхьэхэр зэгъэуІунырщ. Гектари 160-м щагъэтІыса хадэм мыІэрысей лІэужьыгъуэ пщыкІуплІ итщ. Предприятэм и пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэр тонн минитхуэм хуэщІащ, камерэ щащІым дэтхэнэми тонни 160 - 200-м нэс щагъэтІылъ хъунущ. МыІэрысэр зэхэзыдз, зэрызылъхьэ Іэмэпсымэхэм зы сыхьэтым килограмм миних зэрагъэзахуэ. Апхуэдэу пхъэщхьэмыщхьэпс къыщІаху, мыІэрысэ гъэгъуа ягъэхьэзырри, псоми фІагъышхуэ яІэщ.

КъыкІэлъыкІуэу хьэщІэр «Бахъсэн и жыг хадзэр» ООО-м кІуащ. Технологие пэрытхэр и лъабжьэу, жыг хадзэр гъэкІыным республикэм япэу щыхуэкІуар мы Іэнатіэрщ. Пхъэщхьэмыщхьэр гектар 525-м щызэрехьэ, абыхэм ящыщу 440-р илъэс куэдкІэ къызыпыкІэм хуэдэщ. Предприятэм и иджырей щІыІалъэ комплексым тонн мин 23,8-рэ щІохуэ. Камерэхэр европей технологие нэхъыфІхэм я пщащІым къотІасэ. Нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэ хэплъхьауэ тонн минипщІ кърахьэлІэжамэ, мы гъэм процент 25-кІэ нэхъыбэ къаритыну щогугъ. Иджыблагъэ яутІипща линэщІэм зы сыхьэтым мыІэрысэу тонн 24-рэ зэхэдз. МызэкІэ абы пэхъуэ Урысейм щыІэкъым. Пхъэщхьэмыщхьэр щахъумэ пластикэ ащыкхэр езыхэм ягъэхьэзырыж. Цех щхьэхэум щагъэува станок лъэщымрэ Іэмэпсымэхэмрэ зэблэкІыгъуэ зэманым (зы сменэм) къриубыдэу килограмм щищ зэрыхуэ контейнеру щитхум щІигъу къыщІагъэкІ. Я фІагъкІэ Европэм щызекІуэхэм зыкІи къакІэрыхуркъым, къзбгъэсэбэпыныи зепхьэныи тыншщ.

«Прохладнэ» ОАО-р нэгъабэ къызэІуахащ. Къэралым хуэдэм хуэщІа Іэнатіэм метр зэбгъузэнатІэ мин 46,2-рэ еубыд, хадзэхэкІыу тонн мин 75-м нэблагъэ зэуэ щагъэтІылъыфыну хъумапІэ хэтщ.

ЯльэгъуамкІэ арэзыуэ, министрымрэ абы щыІгъу хьэщІэхэмрэ Налшык къаГъэзэжа нэужь, **Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ** Правительствэм и Унэм щызэІущІащ. Ахэр телсэлъэхьаращ республикэм и агропромышленнэ комплексым игъэтыну къэрал дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдзэ, ныкъалъхьа инвестицэ проектышхуэ зыбжанэр щагъэзэщІэну пІалъэхэмрэ абыхэм мылъку зэпхыгъэхьыну щыкІэмрэ. ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ нэгъуэщІ щыпІэхэм кърашу щытахэм я пІэкІэ иджы ди деж къыщалэжь мэкъумэшхэкІэм я фІагъыи я куэдагъыи дяпэкІэ хагъэхьуэн зэрыхуейр.

Шэджагъуэ нэужьым Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ жыг хадзэкэм зегъэужьыным теухуа Урысейпсо зэІущІэр Правительствэм и Унэм щрагъэкІуэкІащ.

Къэралым и щІыналъэ плІыщІым щІигъум я лІыкІуэхэр зыюхэта зэхьыхьэ къыщыізІуихыжи республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр и агропромышленнэ комплексым иужьрей зэманым зэпІэзэрыту зэрызиужьыр. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, мэкъумэшхэкІыу сом мелард 38,5-рэ и уасэ е ипэ ита илъэсым елъытауэ проценти 4,4-кІэ нэхъыбэ нэгъабэ къалэжьащ.

- А Іэнатіэм зегъэужьыныр ерыскъыпэхъэ щынагъуэншагъэр къыззыгъэпэщ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыдольэхъэ. Гъавэрэ джэшхэкІыу тонн мин 948-м нэблагъэ гъэ кІуам къытетхащ. Мы илъэситху гъунэгъум а бжьыгъэ тонн мелуаным нэдгъэсыну ди мурадщ. Жыг хадзэу дгъэкІым, хадзэкІыу зетхьэм дяпэкІи хэдгъэхъэунущ. Нэгъабэ жыгыщІэу гектар мин дгъэтІысыну тедухуати, гектар мини 2,5-м нэблагъэ хэтсащ, мы илъэсми абыхэм мини 2-м нэс къахэдгъэхуэнущ икІи 2020 гъэм ирихьэлІэу, нэхъ мащІэрауэ, гектар мини 10 диІэнущ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мини 125-м щІигъу нэгъабэ къетхьэлІэжащ. Ар ипэ ита илъэсым зэрыхъуаи процентэ 5,4-кІэ щІегъу. Абыхэмкіэ ирикъуу зыкъыізэдгъэпэщыжри, къэралым и нэгъуэщІ щыпІэхэм тонн мин 30-м щІигъу яхуеІуэ щыта. 2020 гъэм ирихьэлІэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу къетхьэлІэр тонн мин 400-м нэдгъэсыну Іэмал диІэщ. Хадзэкэкіыу тонн мин 407-м нэблагъэ къетхьэлІэжащ, тонн мин 200-м щІигъу къыщІэупщІэхэм етщащ. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкэІ хъумапІэхэр зыхуэдзэр флъэгъуащ, щекІуэкІ лэжьыгъэм фыкІэлъыплъащ. Апхуэдэ гъэтІылъыпІэхэр дяпэкІи духуэнущ.

Республикэм и Іэтащхьэр Іэщыхъуэхэм я зэфІэкІми къытеувыІащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, былымылрэ джэдкъэзылу (зэрыпсэууэ шэчауэ) тонн мини 105-рэ, гъэшу тон мин 450-рэ нэгъабэ къалэжьащ. А бжьыгъэхэри ипэ ита илъэсым яхуэзфІэкІам проценти 6-кІэ, проценти 2-кІэ щІегъу. Ерыскъы промышленностым и предприятэхэм щагъэхьэзыра продукцэу сом мелард 25-рэ и уасэ зэгурыІуэныгъэкІэ Іурагъэшащ. Апхуэдэ ерыскъыхэкІыу къыщІагъэкІым и индексыр проценти 141,4-м нэсащ.

- Пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкэкІ консерву дгъэхьэзырым я бжьыгъэр 2020 гъэм банкІ мелуан 550-м тхунэгъэсынущ, хьэрхуэрыгъэр щытепщэ рынокым ди лъэр щыдгъэбыдэнущ. Абы папщІэ, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм нэхъри нэхъ жыджэру дыдэлэжьэнущ. Ди щыщІэныгъэхэмрэ дызыхунэмысахэмрэ щІэтхъумэркъым, ахэр зэрыдгъэмащІэным, зэрыдгъэзэкІуэжным зэпымыууэ дыхущІокъу, дяпэкІи абыхэм ткІийуэ ди нэІэ тедгъэтынущ, - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэм икІи Ткачев Александр псалъэ иритащ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, жыггъэкІэхэм я Урысейпсо зэІущІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІахьам мыхьэнэ хэха иІэщ. Иужьрей илъэсхэм республикэм а Іэнатіэм жыджэру зэщІежь. Мы зэманым абыкІэ Урысейм бжьыпэр щиІыгъущ.

- Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мелуанищым нэблагъэ илъэс къэс нэгъуэщІ къэралхэм къыщыдощІэху, сом мелардхэр тфІокІуэд. Апхуэдэ щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ зедгъэхъуэжыну къытпэщытащ, абы папщІэ, щыІэ Іэмал нэхъыфІхэр тегушхуауэ къэдгъэсэбэпын хуейщ. Нэгъабэ а Іуэхум сом меларди 2,5-рэ хуэхэтхащ, жыгыщІэу гектар мин 14,3-рэ хэтсащ. Абы щыщу гектар мини 9,6-р псынщІэу зызыужьхэм хуэдэщ. ЕтІанэгъэ жыггъэкІэхэм субсидиеу сом мелардиплІым нэблагъэ хуэхтыхыщ. КъищынэмыщІауэ, къэрал программэм сом меларди 2,1-рэ щыгъэбелджылащ. ГъэІэпхъэнхэр къэзыгъэкІэжми защІэдгъэкъуэнущ. 2020 гъэ пщІондэ жыг хадзэу гектар мин 72-рэ, абы щыщу гектар мин 68-р псынщІэу хэхъуэ лІэужьыгъуэхэм хуэдэу, хэтсэну къытпэщытащ. Ахэр кІэзэщІэувэмэ, дяпэ илъэс зыщыплІкІэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ къетхьэлІэм тонн мин щитхукІэ хэхъуэнущ. Апхуэдэу, фІагъ лІагъэ зиІэ Іэзэпхъэнхэр къэдгъэкІыжынущ щхьэкІэ, илъэс къэс питомникыу гектар щитху дгъэтІысын хуейщ, - жиІащ Ткачев Александр.

Министрыр щхьэхуэу къытеувыІащ а Іэнатіэм жыджэру зиужьын папщІэ къэгъэсэбэпыпхъэу къиІыпІэ Іэмалхэмрэ зэкІпІэхэмрэ.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм гъавэ щІэныгъэ механизацэмкІэ, химизацэмкІэ къэкІыгъэхэр хъумэнымкІэ и департаментым и унафэщІ **Чекмарев Пётр** иджырей технологиехэм тету пхъэщхьэмыщхьэр зехьэным теухуа къалэнхэр зэпкърихащ.

- Зэманым къегъуэр жыг хадзэкэр гъэкІыным и Іуэхум лъэныкъуэ куэдкІэ зэкъуэзуэ делэжьыну. Къэралым гъавэ хъарзынэ кІыщалэжь, ауэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу къыщрахьэлІэмкІэ хуабжьу дыкъыкІэроху. Ахэр махуэ къэс цІыхур зыхуей, узынщагъэм деждІэ сэбэпышхуэ зыпылъ ерыскъыгъуэщ. А Іэнатіэр къэтІэтын папщІэ, щІыпІэхэм нэхъыфІу щеэзгъ, щыбагъуэ лІэужьыгъуэхэр тэмэму къэхутэн, къыхэхын, куэду хэсэн хуейщ. ЗэщІакъуэжхэр щахъумэн, абыхэм щелэжьын зэрамыІэм хэщІыныгъэшхуэ къеша. Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ щытпІэгъуэхэмрэ нэгъуэщІ хэкІпІэхэмрэ къэдгъэсэбэпу, щытыкІэм зедмыгъэхъуэжу хъунукъым, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Я Іуэху епІлъыкІэхэр къаІуатэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и Жыггъэкіэхэм я зэгуэхэныгъэм и президент **Муханин Игорь.** Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм жыг хадзэкэмрэ зэкъумейхэмрэ гъэкІынымкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ **Егоров Евгений**, Липецкэ областым хыхьэ Лебедянскэ районым Октябрыр илъэс 15 зэрырикъум и щІэкІэ щыІэ акционер обществэ зэхуэщІам и Іэтащхьэ **Еремеев Дмитрий** сымэ.

ЗэІущІэм щыжаІахэр зэхалъхьажа нэужь, Ткачев Александррэ КІуэкІуэ Юрийрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

АРУАН Алий.

Нобэ

♦Къыргъызстаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм абы теухуа унафэ кІиящащ Къыргъыз Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм.

♦Молдовэм щагъэлъапІэ я анэдэлъхубзэм и махуэр. 1989 гъэм молдаванхэм я бзэр латин тхыкІэм техьащ икІи ар къэралыбзэу а щІыналъэм щагъэуващ.

♦1892 гъэм Третьяков Павел Москва кьалэм иритыну мурад ищІащ илъэс куэдкІэ зэхуихьэса художественнэ гелереер.

♦1907 гъэм Инджылызым, Франджым, Урысейм къызэрагъэпэщащ дзэ-политикэ зэгуэхьэныгъэр - Антантэр. Германием, Австро-Венгриеи, Италием я апхуэдэ зэгухьэныгъэу 1879 - 1882 гъэхэм зэфІэувам иригъэкІуэкІ политикэм пэщІэтын мурадыр абы и кьалэн нэхъыщхьэр.

♦1914 гъэм Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэм и унафэкІэ Санкт-Петербург и цІэр Петроградку зэрахьуэкІащ.

♦1935 гъэм Донбасс щыщ шахтёр Стаханов Алексей ФІамыщІу махуэм къыщІикъ Іуэхум хуэдэ 14-кІэ щІригъэгъуащ. Адрейхэми абы щапхъэ трахащ икІи ар «Стаханов зэщІэхъеенныгъэм» и лъабжьэ хъури, къэралпсо зэхьэзэхуэм зиубгъуауэ щытащ.

♦1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

♦1966 гъэм, нэхъапэм дунейм апхуэдэ къыщымыхъауэ, компьютерхэр шахмат зэдэгъэджэгунымкІэ зэпеуэ Нью-Йорк щекІуэкІащ.

♦1974 гъэм Алыджым унафэ кьищтащ НАТО-м къыхэкІыжыным теухуауэ.

♦1990 гъэм Берлин Іэ щытрадзащ ГДР-р ФРГ-м зэрыгухьэм теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ нэмыщэ лъэпкъыр зэрыубыдыжащ, зы хьэжащ илъэс 40-м щІигъукІэ зэпэщхьэхуэу псэуа ресурсыр.

♦1994 гъэм советыдзэхэр Германием къишыжыным пыщІа Іуэхухэр зэфІэкІащ.

♦1997 гъэм автомобиль зэжьэхэуэм хэкІуэдащ Инджылызым и пащтыхьыкъуэм и щхьэгъусэ Дианэ.

♦Урыс тхакІуэ **Радищев Александр** къызэралъхурэ илъэс 267-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзышІа **Турчанинов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦АР-м щыхьэ зиІэ и сурэтыщІ **Иуан Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **КІытІэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Дуней псом щыщІэрыІуэ америкэ актёр **Гир Ричард** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр щІэрыІуэ, УФ-м и щыхьэ

● Пресс-конференцхэр

ВокзалыщIэхэр яухуэ, «Республикэ шынагъуэншэ» проектыр ягъэзащIэ

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсен иджыблагъэ зэхиша пресс-конференцым щызэхьыхьэжащ илъэсым и яп3 мазихым я лэжьыгъэр зыхуэдар икIи дяпэкIэ нэхъыщхьэу къапэщIэтхэр щигъэнэIуащ.

АБЫ къызэригъэлъэгъуамкIэ, зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу транспорт Iэхутхьэбзэу сом меларди 2-рэ мелуани 9,8-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 4,9-кIэ нэхъыбэщ. Автомобиль транспорткIэ цIыху мелуан 26,2-рэ, кхъухьлъатэкIэ - мин 40,3-рэ къращэкIащ. А бжыгъэхэри илъэс кIуам и яп3 мазихым зэрыхъуам щIегъу. МафIэгур къэзыгъэсебэпэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Къапщтэмэ, кьалэ щIыб гъущI гъэгу транспортым и Iэхутхьэбзэр къэзыгъэсебэпар цIыху мини 110,9-рэщ, «Мазхуу - Налшык» мафIэгум ирызекIуар мин 91-рэщ. Ауэ гъущI гъэгумкIэ хьэлъэу ягъэIэпхъуэм нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 51-кIэ хэхъуащ - тонн мин 410-рэ Iуращэшащ, тонн мин 276-рэ кърахащ. Связым и IэнатIэхэм сом меларди 2-рэ мелуан 549,3-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ зэфIагъэкIащ. Уэгу транспорткIэ хьэлъэу зэблагъэкIым хэуди 2,5-кIэ хэхъуащ, мазихым къриубыдэу тонн мин 27,9-рэ ягъэIэпхъуащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм къытщащIа пщэрылъхэм якIэ иткIэ, инвестицэ проектышхэу зыбжанэ догъэзащIэ. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым щыдухуэ автовокзалхэм, Налшык къхъулъатэ тельэтыкIыпIэр къызыхуэтынщэу зэгъэзэпэщыжьым, мурад куэдым хуэгъэпсауэ Аруан къуажэм къыщедгъэжьа спорт центрым, «Республикэ шынагъуэншэ» аппарат-программэ комплексыр зэтеухуэным, егъэфIэкIуэным, гъущI гъэгу вокзалыр къалэм дэхьым, «Къэббалъкъавтотранс-1438» предприятэр щIэрыщIэу зэтегъэувжьым теухуахэр. Зи гугъу сщIы проект псори уней мылъкукIэ, федеральнэ бюджетым щыщ субсидиекIэ догъэзащIэ. Мы зэманым абыхэм сом меларидищым щIигу къыщыдогъэсебэп, - жиIащ къэрал комитетым и унафэщIым. - «Ипщэ», «Ищхъэрэ» автовокзалхэм я ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зытедухуа пIалъэм мазиткIэ къыкIэроху. Щхьэусыгъуэр инвесторымрэ подрядчикымрэ зэрытхъуэжащ. Арами, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр яухащ, ухуэныгъэр мы гъэм и кIэм нагъэсыну дыщогугъ. «Ищхъэрэ», «Ипщэ» вокзалхэм жэщ-махуэм щIыху мини 10, мин 12 щыгъблэкIыфынущ. Ахэр кьызэIуахмэ, щIыхуи 120-м щIигъум Iэнатlэ ягъуэтынущ. Мазэрэ ныкъуэрэ и пэкIэ Тырныауз къалэм автостанцыщIэ къыщрагъэжьауэ, еужьэрэкIыу щолажь, мы зэманым яп3 къатым и щхьэр зэхуащI. Иджырей пщалъэм къитIасэу яухуэ станцыр гъэ дызыхуэкIуэм икухэм къызэIуахынущи, Урысейм и автостанцхэмрэ и автовокзалхэмрэ я реестрым зэрыхэдгъэхуэну тхыльхэр догъэхьэр. КъищынэмыщIауэ, Бахьсэн къалэм щаухуэну автовокзалым и Iэхуми дыхоплъэ. Абыхэм цIыхухэм тыншыпIэ щагъуэтынущ, транспорт шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщынущ.

Къудей Арсен щхьэхуэу къытеувыIащ мурад куэдым хуэгъэпса «Кавказ Автосити» спорт центрым и кьалэным. Абы хохьэ дрифтым, дрэг-рейсингым, радиокIэ зэрагъакIуэ машинэхэм хуэщIа, къекIуэкIыу щызэдэжну гъэзгухэр, километрэр метр щитхурэ хъу картодромыр. Апхуэдэу хьэщIэщ, транспорт тхьэщIыпIэ, кафе, сату центр хэтынущ. Къыщыздэжьну гъэзгумрэ картодромымрэ хухаха гектар 51-р «АССО» ООО-м аукционкIэ иратащ. Проект-сметэ тхьылъэр хьэзырщ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм щIадзащ, 2018 гъэм яухуэу IэнатIэщIэу 200-м щIигъу къызэIуахынмрэ я мурадщ. ЦIыIэ унафэм тету, Налшык кхъухьлъатэ тельэтыкIыпIэр зэрагъэпэщыжьнущ. Уэгу транспорт къэтIысыпIэм метр щитху хагъэхьэунущ, зыхуей тхылъ псори ихьэзырщ, иджы проектыр федеральнэ программэм зэрыхагъэхьэным йолэжь. Абы сом меларди 3-м нэс хуэзэну къальытэ. «Аэрокомплекс» ООО-м аэропортым и унэр зэригъэпэщыжынущ. Псэуалъэр метр зэбгъуэзнатIэ мини 10,5-рэ мэхъу, илъэсым цIыху мин щитху щызэблэкIыфынущ. Ремонтым сом мелуан 935-рэ хуэзащIагъэуIэнущ.

- Мэлбахьэм и цIэр зезыхьэ уэрамым телъ автомобиль лъэмыжыр зэпкърытхын щхьэкIэ, республикэм и Правительствэмрэ ди къэрал комитетымрэ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъэгум и унафэщIхэм лжьыгъэшхэ драгъэкIуэкIащ. Гъэгур адэкIэ къэбгъэсебэпыну дзыхьщIы-гъуэджэщ, зыIыгъ пкъохэр махэ хъуащ, зэпылъпIэхэр зэпыкIащ, я процент 50 - 80-р къэтIэсхъащ. А гъэгур зэхуащIын папщIэ зыхуей тхылъыр СКЖД-м егъэхьэзыр, Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэр абы арэзы зэрытехъуэу лъэмыжыр Iутхынущ. КъБР-м и Правительствэмрэ РЖД-мрэ зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэр гъэзащIэным ар щIэдзапIэ хъарэнэ хуэхъунущ - «Налшык» станцым и гъущI гъэгу вокзалыр къалэм дэтхэнущ. Ар зэдзгъэIэпхъуэну щIыпIэр къыхэтхащ, топографие Iэхухэр зэфIэдгъэкIащ. Мы зэманым инвесторхэр къыдолъыхъуэ, - къигъэлъэгъуащ Къудей Арсен. - «Республикэ шынагъуэншэ» аппарат-программэ комплексыр 2013 гъэ лъандэрэ ди щIыналъэм щызэтыдоухуэ. Нобэ ирихьэлIэу лжьыгъэшхэ зэфIэдгъэкIащ. А Iуэхум щIыпIэ псоми зыщедгъэубгъунущ. Иджырей сервер лъэщхэр къыдогъэсебэп, абыхэм зэхуахьэсхэр центр хэхам щызэпкърах, зыхуэдэ ельытауэ щызэкIалъахь. Инвестицэ проектыр «Урысей телеком» акционер обществэ зэIухам и мылькукIэ догъэзащIэ. Абы сэбэпышхуэ зэрыпылъыр пIалъэ кIэщIкIэ гъащIэм игъэнхуащ.

Транспорт предприятэхэм я гугъу щищIым, къэрал комитетым и Iэтащхьэм къыхигъэщащ КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ щIэрыщIэу къызэрагъэпэщыж «Къэббалъкъавтотранс-1438» ГУП-м и Iуэхур здынэсам. КъызэригъэлъэгъуамкIэ, мы зэманым абы цIыху 260-рэ щолажьэ, мазэ къэс сом мелуани 10-м нэс хэхъуэу яIэщ. Яп3 мазихым гъэгупщIэу сом мелуан 32-м нэблагъэ къыхэкIащ, фейдэ кьабзэу мелуанрэ мин 378-рэ къахуищIащ. Зи гугъу тщIы зэманым страховой взносу сом мелуани 3-рэ мин 435-рэ, налогыу мелуанрэ мин 456-рэ ятащ. Илъэсым и пэщIэдзэм кьалэрыхьа автобус 40-м нэмыщI, иджыри мы гъэм 69-рэ къахэкIуэнущи, цIыхухэр транспорткIэ къешэкIыным пыщIа гугъуехьэр абы хэпщIыкIыу игъэмэщIэнущ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэхэу Ульбашевэ Елизаветэрэ Бештокъуэ Аслъэнрэ.

АРУАН Алий.



Тхьэкъуахъуэ Башир

И пщIэри и щхьэри ящымыгъупщэу нобэр къызэдэсым ягъэлъапIэ цIыху щэджащэхэм ящыщу Бахьсэнёнкэ къуажэм щыпсэуа, абы щызэхэта «Красный Кавказ» колхозым и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьа Тхьэкъуахъуэ Башир.

АКЪЫЛЫФIЭТ, нэмысыфIэт, унафэщI Iэкlуэльакlуэт. А цIыху щыпкъэм и Iэужь-лъэужьхэр щалъагъуэкIэ, «мор Башир и Iэдакъэщlэкlщ, мыри абы ейщ», - жаIэ.

Хэку зауэшхэр къыщыхъеям Башир и адэ Хьэбыж колхозым и тхьэмадэт, Iэнатlэ псори хъарзынэу зэтриухуауэ псэуклэщIэ яухуэрт. ЛIы хьэлти, адрей минхэми хуэдэу, Iэщэ кьищтэри бий ерум пэщIэуващ икIи и псэр пытыху щхьэмыгъаэзу езэуащ.

И адэм къигъэна хозяйствэр щыIэщIалъхьам Башир и ныбжькIэ щIалэт. Арами, хэзыха къуажэдэсхэр абы хущIегъуэжакъым: тхьэмадэщIэр жыджэрт, гурыхуэт, жэрдэмщIакIуэт. А лъэхъэнэм дэнэ щIыпIэкIи щыхьэлъэт, техникэр къаймэщIэкIырти, жэмхэмрэ выхэмрэ къагъэсэбэнырт, щIыр Iэпщэ къаурыкIэ зэрахьэрт, я бгыр щIакъуэзауэ, уэгурымрэ мэжэщIалIагъэмрэ ялэщIэтт. Гупсысэ уэзынщэ, акъыл жан зиIэ щIалэм етIысэх ищIэрт-тэкъым, зэпымыууэ щIэ гуэрхэр къыпIыхьуэрт, Iуэхур дзэзыгъэкIыну хэкIыпIэхэр къигъуэтырт. Колхозхэтхэм яхуэзэфIэкIынур, яхуэгъэкъаруунур зэпилъытырти, зэIущIэхэм къыщыхилъхьэрт. Апхуэдэурэ цIыхухэм я лэжьэкIэм хуэм-хуэмурэ зригъэхъуэжащ, IэщIагъэлIхэр къыхихащ, иригъэджащ, я кьарур зэхалъхьэмэ, куэдым зэрыхунэсынур ягурагъэIуащ. Iэнатlэхэр зэдзууэ унэтIын, зехьэн хуейти, зэхьэзэхуэр я лъабжьэу ахэри къызэрегъэпэщ. Хозяйствэм нэрылъагъуу зиужьырт, зэрегугъуэм и фIыгъэкIэ, къэкIыгъэхэри бэвагъкIэ къетэжьырт, гуэдзу, нартыхуу, сэхурану кьрахьэлIэм илъэс къэс хэхъуэрт. Ахэр зэрымыгъунапкъэншэр къыгурыIуэрти, Тхьэкъуахъуэм лъабжьэщIэхэр игъэхьэзырырт: техникэм къыхигъахъуэрт, жылапхъэфIхэр къыхихырт, псы здэмыкIуэ хьэсэхэм щIыгъэпшэркIэ егугъурт, колхозым и мылькукIэ IэщIагъэлIхэр лжьэкIэщIэм хуригъаджэрт. Хозяйствэм зэпIэзэрыту зиужьырт, мэкъумэшыщIэхэми абы зыдауззыщIырт, я тхьэмадэри, езыхэри щапхъэу кьахьырт, нэгъуэщI щыпIэхэм я цIэр фIыкIэ хъыщIауIэрт. Колхозым и Iэщ псэуалъэхэр, фIыуэ гъэшха былым кьабзэхэр, нэр зыгъэгуфIэ хьэсэхэр зрагъэлъагъуну плъакIуэхэр куэду кьахуэкIуэрт. Бахьсэнёнкэдэхэр нартыхуэм цIэрыIуэ дахьурт. Абыкlэ кьапеуэну хуейхэм зэхьэзэхуэ иращIылIэрт, я зэфIэкIэкIэ зэхъуэжэрт. Нэхъыжьхэм фIыуэ ящIэж Адыгейм щыщ Даур Анзоррэ хозяйствэм и гъавэгъэкIIэзэ Шакъ Мыхьмудрэ я лэжьэкIар. Абыхэм гектарым хуэзэу нартыхуэу центнери 100 - 105-м нэблагъэ ядгъэкIащ.

Тхьэкъуахъуэм и чэнджэщкIэ, адрей механизированнэ звенохэри лэжьэкIэщIэм хуокIуэ, щIым и зехьэкIэ Iэмал нэхъыфIхэр кьагъэсэбэпу хуохьэ. Iуэху зехьэкIэщIэм нарт гъавэу кърахьэлIэм нэрылъагъуэу хигъахъуэрт, жылэми зыдиуэзащIырт. А псор гулъытэнщэ хъуакъым - 1973 гъэм дыгъэгъаэзм и 23-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ Тхьэкъуахъуэ Башир «Социалист Лэжьыгъэм и Лhхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ. А илъэсым зэрыколхозу гектар къэс ику иту нартыхуу центнер 79-рэ къытрахат.

Нарт гъавэу кърахьэлIэм зэрыхагъэхъуэфынур колхоз тхьэмадэм фIыуэ кьыгурыIуэрти, гектарым кьытыр центнери 100-м нагъэсыну зевно псори кьыхуреджэ. Зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ унафэщIым и жьIэр яфIэлъапIэти, ар и лэжьэгъуэхэм кьыдащтэ. Башир нэхущщ губгъуэм дэкIырт, фермэхэр кьызэхикIухьырт, щекIуэлэжьыр гуваэрт. Илъэс хуурейм и дэтхэнэ махуэри апхуэдэт. Хуабжьу гумызагъэт: техникэм и щыпкIэми, ар зэрахъумэ щыкIэми, хьэсэхэр зэрагъэпшэрми, жылапхъэхэмрэ гербицидхэмрэ зэрызэрагъэпэщми, Iэщыхъуэхэм я IуэхугъэцIафэми гулъытэшхуэ хуищIырт. ГъэщIэгъуэну лъытэныгъэ лъагэ иIэт, цIыхухэр кьыгъэдэлъэфырт, дэтхэнэми и зэфIэкIыр иIэтырт. Мэкъумэш Iуэхугъэ дапщащи игъэнэхъапэрт, и лэжьэгъуэмрэ и унафэм щIэтхэмрэ я дежь щытхъушхуэ щIиIэт. Апхуэдэущ бахьсэнёнкэдэсхэм я гум къызэринэжари.

Башир унагъуэ дахэ иIащ. И щхьэгъусэ Хьэбидэтрэ абыхэр бынибл - щIалиплIрэ хъыджэбзищрэ зэдапIащ, гъэгу захуэ иратащ. Лжьыгъэшхэр кIэщIэ, нэхуГъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа гъэгу бгыфIэ къэзыкIуа, унафэщI Iэкlуэльакlуэу, цIыху щыпкъэу жылэм дэса Тхьэкъуахъуэ Башир Хьэбыж и къуэр къуажэдэсхэм ящыгъупщэркъым, и Iуэхущlафэу щытар ягу къагъэкIыжу, и фэеплъым пщIэ хуащI.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къуажэдэсхэм ящыгъупщэркъым

Жыгун Тимэ и цIэр тхыдэм къыхэнащ

УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ я артист Жыгун Тимэ творческэ гъуэгуанэ дахэ къикIуащ. Ар щысабийм щегъэжьауэ зыщIэхъуэпса артист Iэщlагъэм ерыщу хуэкIуащ, икIи хуэзфIэкIащ а Iэнатlэм лъэужь дахэ къыщигъэнэн.

ЖЫГУНЫМ курыт школыр къиуха иужь, Бахьсэн мэкъумэш еджапIэм щIагъэтIысхьати, абы ирагъэкIри Владикавказ къалэм дэта мэкъумэш еджапIэм ягъэкIуащ. Арщхьэкlэ, а зэманым ирихьэлIэу, гъуазджэм, псом хуэмыдэу кином, дихьэха щIалэм мэкъумэшыр Iэнатlэ хуэхъуакъым. Сытми, икIэм-икIэжьым, и насып къриихьэкIри, и хъуэпсапIэм и Iэр техуащ.

Сыбэч Быхуэ, Балъкъэр Калисэ, Къумахуэ Хужьэ, Сонэ Мухъэрбий, ди республикэм щыщIэрыIуэ адрей артистышхуэхэм ящIыгъуу 1933 гъэм Тимэ щIэтIысхьауэ щытащ Налшык къыщызэIуаха театр студием.

ЩIалэщIэм къыхиха Iэщlагъэр къызыхэкIа унагъуэм хуамыгъэдэхами, ар зи ужь ихьар нигъэсыну мурад ищIащ. 1940 гъэм ГИТИС-м и къэбэрдей студиер Москва къыщIухри щалъхуа республикэм къиргъэзэжащ, театрым, гъуазджэм теухуауэ къыщIахэм и хэкуэгъуэхэр нэIуасэ хуищIыну, щэнхабзэ лъагэм дригъэхьэхыну.

1940 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр къыщызэIуахым ягъэува Бомарше и «Фигаро и фыз къэшэкIэ» комедием хэт роль нэхъыщхьэхэм ящыщ Альмавивэ и ролыр зыгъэзэщIар Жыгун Тимэщ. Критикэр щытхъуауэ щытащ а спектаклым удихьэхыу щыджэгуа адыгэ ныбжьыщIэхэм.

КъыкIэлъыкIуэу артист щIалэхэм ягъэлъэгъуар Кьардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъаръ» спектаклырщ. Ар гукъинэж пщызыщIхэм ящыщщ Хьаныкъуэм и ролыр. Iэкlуэльакlуэу, Iэзагъэ хэлъу ар игъэзэщIауэ щытащ Жыгуным. Абы хуэзфIэкIат а цIыху ерум и образыр сыт и лъэныкъуэкIи наIуэ къищIын.

Зауэ нэужь зэманым адыгэ театрым щагъэува спектаклхэм ящыщщ Акъсырэ Залымхъан и «Дыгъэр къыщыкъуэкIым» пьесэр. Абы Тимэ нэмыщI офицерым и ролыр Iэзэу, гущIкI хууигъэщIу игъэзэщат.

КIуэ пэтми хэхъуэрт Жыгуным и зэфIэкIым. Спектакль къэс абы хьэлэмэту, щIэуэ, ялэм дэдмылъэгъуауэ хьэл-щэн зэмылIэужьыгъуэхэр къиубыд зэпытт.

Азербайджан композитор цIэрыIуэ Гаджибеков Узеир и «Аршин мал Алан» музыкэ комедиер ди дежь щыщагъэлъэгъуам щыгъуэ, цIыхухэм ягу ирихьауэ щытащ. Драмэ театрым и къарукIэ музыкальнэ спектакль бгъэувыну, дауи, тыншкъым. Ауэ ар адыгэ театрым хъарзынэу къызэрехъулIар зи фIыгъэхэм ящыщщ Аскэр и ролыр зыгъэзэщIа Жыгун Тимэ. Абы шэч къызытумыхьэжьи артист зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым и мызакъуэу, макъ гуакIуэ иIэу къыщIэкIащ. Творческэ гукъыдэж и бэу, зэхэгъэж имыщIу роль щIыкIуми инми и псэр етауэ елэжьырт. Дэтхэнэ образми Iэзагъэу, гурыщIэу, къарууэ иIэр ирихьэлIэкIэрэ, и ролыр гукъинэжу игъэзащIэрт. Абы и щапхъэщ Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэм» хэт Алмэстыр, Гамзатов Расул и «Бгырыс хъыджэбзым» хэт Лэбэзаныр, нэгъуэщIхэри.

Жыгун Тимэ гукъинэжу, телъыджэу иубзыхуа образхэм илъэс куэдкIэ ди лъэпкъ театрыр ягъэбжьыфIащ. Илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ зи гъащIэри зи творчествэри театрым гурэ псэкIэ хуэпэжу, къызыхэкIа лъэпкъым хьэлэлу хуэлажьэу артист Iэзэм къикIуа творческэ гъуэгуанэр ди лъэпкъ гъуазджэм къыхихьэ ныбжьыщIэхэм я щапхъэщ. Къэбэрдей театрым и тхыдэм дапщэщи хэтынущ Жыгун Тимэ и цIэр.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Мыкъуэ Артур Муштэфар и къуэр

«Яблоко» Урысей демократие парт зэгуэтым къыбгъэдэкIыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуащ

Хабзэхъумэ нэс Шыгунэ Заур

Полицэм и участковэ уполномоченнэм и лэжьыгъэм куэд елъытащ цIыхухэр я гъащIэмрэ мылъкумрэ темышыныхьу псэунымкIэ. Зи кьалэныр тэмэму зыгъэзащIэхэм ящыщщ Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и капитан Шыгунэ Заур Къанщобий и къуэр.

АР Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Езым зэрыжиIэщи, Iэщlагъэ хуэхъунур иджыри 8-нэ классым щIэсу къыхихащ. Курыт еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым Пятигорск дэт и къудамэм щIэтIысхьащ. Заур ещанэ курсым щIэсу, 2007 гъэм, къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм къалэн щищIэу щIидзащ, еджэнри лэжьыгъэри зэдихьу. Абы лъандэрэ илъэси 10-м нэблэгъауэ полицэм и капитаным ехъумэ щIыхуэхэм я щынагъуэншагъэмрэ мамырыгъэмрэ.

- Сэ къыхэсха Iэщlагъэм зэи сыхущIегъуэжакъым, щIыхуэхэр къызэрысхуейр къызэгуроIуэри, зыхьзощIэри. ЦIыхухэм ядэIэпыкъун - аращ си кьалэныр зытеухуар. Абы сыпэлъэщын папщIэ, сызэгъэщIылIа административэ щIыпIэм щекIуэкIым Iэмал имыIэу сыщыгъуэзэн хуейщи, абы и лъэныкъуэкIэ си дэIэпыкъуэгъущ а щIыпIэм щыпсэухэр, - жеIэ Заур.

«Сыт нэхъ уигу кьина лжьэн зэрыщIэбдзэрэ?», - жьтIэу дыщеупщIкIэ, жэуап кьыдетыж:

- Дэ щIэх-щIэхыурэ дыкIуэн хуей мэхъу хьэлэбэлыкъ зэрылъ унагъуэхэм. Апхуэдэ къаугъэм лажьэ зимыIэ щыхэхуи кьохьу. Нэхъыбэрэ зыкъытхуэзыгъаззэр пенсионерэщ. Нэхъыжьхэр гумызагъэщ, Iейм псори щахъумэну хуейщи, къопсалъэ. Ахэр зыгъэпIейтейм теухуауэ дэ тщIапхъэр зэфIыдогъэкI.

Къыхэгъэщыпхъэщ Заур щIыпIэм щыпсэухэм гунэс зэращыхъур, пщIэ къызэрыхуащIыр, гугъуехь пэщIэхуэхэр къызэречэнджэщыр.

Хабзэхъумэхэр я кьалэн мытынышм щыпэлъэщынур, абыхэм защIэдгъакъуэмэщ. Зэрыжаiэщи, уэзкъуэтмэ - улъэщщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Щlалэгъуэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ

Иджырей щауэ

Куэтэншы Залым щхьэкlэ «щэныфlэщ икlи губзыгъэщ» жаlэ зыцlыхуухэм. Деплъынти абы щlэдзапlэ хуэхъуам.

2003 гъэм, иджыри щlалэщlэ дыдэу, Залым Сабий творчествэмкlэ республикэ унэм щекlуэкlа зэпеуэм «Мистер джентльмен» цlэр хъущщфlащат, щауэм хэлъын хуей хьэл-щэныр абы щыгъуэми дэплъагъурти. Щlалэм и адэ-анэр щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ пэжыжьэми (Мулэед ухуакlуэщ, Раисэ пщафlэщ), мыхьэнэщхуэ ират абыхэм щlэблэр щlэпlыкlыным. Залым и къуэш нэхъыжь Руслан «Кабардинка» хэсрат академическэ ансамблым илъэс куэд щlауэ къыщыофэ.

Залыми и хамэкъым щафэр, ауэ абы нэхъ зытригъэщlар уэрэд жьlэныращ. Артист хъунуэмэ сопыл апхуэдэу кърагъажьэу къыщlэкlынщ - илъэсищ-плlы ныбжьым иту, Залым езым и «концертхэм» и благъэхэр иригъэплъу щытащ. Совет классикэм къыщыщlэдзауэ хамэ къэралхэм щыщlэрыlуэ уэрэдхэм щыщlэкlыжу игъэзащlэрт абы. Школакlуэ хъури, ар нэхъ пыухыкlауэ евэзлащ макъамэмкlэ щlэныгъэ зригъэгъуэтыну. «Ялэ дыдэу си анэм сишащ Сабий творчествэмкlэ республикэ унэм щылажьэ Блашэ Владимир идеж. Амахуэм сэ сыззэрынасыпифlэр къызгурыlуат. Уэрэд жьlэкlэм дыщыхуагъасэ дерсым сыкъыкlэрыхун жьхуэпlэр сэ ажалым хуэдэу къыщыхъурт. Школ дерсхэр сымыкlуэу блэзгъэкlыфынут, ауэ макъамэмкlэ - хьэуэ», - игу кьеГъэкlыж Залым. Блашэм и чэнджэщкlэ Залым кlуащ Налшык къалэ дэт, Гъуаздджэхэмкlэ сабий школым. «Гъуаздджэхэмкlэ школым сэ «гъащlэ гъуэмылэ» къызэитащ, макъамэмкlэ щlэныгъэ къыщlэсхащ абы. А еджапlэм зэману щызгъакlуэм зэуздизкlэ, курыт школым сыщыlуэ къыщlэкlынтэкъым. Пщдей хуэдэм сыкъыззэрыкlуэнур сщlэми, пщыхьэщхьэр хэкlуэтэху абы зыщысlэжьэрт, зэманыр схуримыкъуу», - жеlэ ди псэлъэгъум.

Залым республикэ, щыналъэ зэпеуэ куэдым увыпlэфхэр къыщихьат. Ауэ, нэхъыщхьэрати, Залым и гъэсакlуэхэм «къапихащ» уэрэд жьlэкlэм и щэхуэхэм къищынэмыщlа, гъуаздджэм и тхыдэри, фортепианэ Iэмэпсымэм и еуэкlэри, макъамэмкlэ пэщlэдзэ щlэныгъэри. Абы и макъым зыщригъэужьащ егъэджакlуэ, уэрэджьlакlуэ Руслан Светланэ и дежи. А псор Залым сэбэп къыхуэхьажащ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым (СКГИИ) вокалымкlэ и къудамэм щыхуагъахьэзыр курсхэм щыщlэтlысхьэм. Арщхьэкlэ куэд дэмыкlыу Залым курсхэр кьигъанэри, уэрэджьlакlуэ цlэрыlуэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артист Къуийцыкlу Валерэ зыхуигъэзащ, абы и деж зыщигъасэмэ нэхъ фlакъыбылу. Ауэрэ абы кьыгурыlуащ нэхъыбжьым зыхигъэгъуэзэну, кьищlэну зэрыхуейр. Мыгувэуи СКГИИ-м культурологиемкlэ и къудамэм щlэтlысхьащ.

Куэтэншыр щlэныгъэм куууэ хилъэсат. Ещанэ курсым щеджэу, абы зэхихащ Къуийцыкlу Валерэ институтым щрилъэджэну зэригъэзэжыр. Щlалэм зэрыжиlэмкlэ, а зэманым ирихьэлlэу езыми къыгурыlуэпам уэрэд жьlэныр зыхилъхьэ зэрыщымыlэр. «Сызыхунэса псори хьфlэздзэу, еджапlэм вокалымкlэ и къудамэм сыщlэтlысхьэжьи гупсысэр зэуэ си щхьэм щыкlэрэхъащ. Ауэ апхуэдэу зэрыслуэмыщlэнур къызгурыlуэжри, культурологиемкlэ кафедрэм и унафэщlу а зэманым лэжьаАхъуэхъу Еленэ сечэнджэщащ. Зэгъусэу зы унафэм дыкъыгуегия, родословная» республикэ зэпеуэм. Иужькlэ, си лэжьыгъэ Обнинск егъэзэхри, нэхъыфlэхэм ящыщу ар къальитащ икlи базэуэгъуэ мазэм Сочэ къалэ щекlуэкlа «Шаги в науку - Юг» урысей гъэмахуэ конференцым срагъэблагъащ. Махуитхукlэ дыщыlауэ, зэпеуэри гъэщlэгъуэн дыдэ тщыхъуауэ дыкъэкlуэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы цlыхуибл дыхэтащ, сэ ди лъэпкъым и тхыдэр къэзгъэлъэгъуащ, щlыуэпсыр хъумэным зи лэжьыгъэ тезыухуаи къытхэтащ. Икъуклlэ гуапэ тщыхъуащ Урысейм и щlыналъэ псоми къикlахэм дакъызэрыхэжаныклар, дзтхэнэ ди лэжьыгъэм и гулъытэ къызэрыхуащlар, - жеlэ Элинэ. Икlи и гуапэу я цlэ къытхуреlуэ Джатэгъэжьхэ ящыщу нэхъ цlэрыlуэ хъуахэм.

Академик Джатэгъэжь Владимирщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу философие щlэныгъэхэм я доктор япэу хъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кафедрэ зыбжанэ абы и жэрдэм хэлъу къыщызэlуахат. Къыщынэмыщlауэ, сурэтыщlэ Iэзэ диlзщ - ар Джатэгъэжь Александрщ. Ар Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, и лэжьыгъэхэр Европэмрэ Сириемрэ щыпсэу цlыху щхьэхуэхэм ящэхуауэ яхъумэ. Нэхъ щlалэlуэхэм ящыщу кьыхэбгъэщ хъуну кьысщохъу Джатэгъэжь Инал. Ар урысей футболист цlэрыlуэщ, «Рубин» къэзан клубым и гуащъхьэхъумэщ, - жеlэ пщащэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъ.

Псысэм къыхэкlа пщащэ

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым «Киномрэ телевиденэмрэ я режиссурэ» факультетыр ехъулlэныгъэ иГэу къэзыуха Ашэбокъуэ Дамирэ (Налшык къалэ щыщщ) лэжьыгъэми, жылагъуэ Iэхухуэми зэфlэкlкlэ хъарзынэхэр къыщегъэлъагъуэ. Еджапlэ нэхъыщхьэр диплом плъыжькlэ къиуха нэужь, «1 КъБР» телеканалым редактору икlи режиссёру лэжьэн щыщlдзащ. Ар КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм, «Щlэблэщlэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ. Псалъэ зыплъ Iэхухуэр, пшыхьхэр жыджэру къыззрегъэпэщ.

- Дамирэ, сыткlэ гъэнщlауэ щыта уи сабиигъуэр?

- Сабиигъуэм сэ сызэреплъраци, ар цlыхум и гупсысэр щызэрыубыпlалъэщ, мыхьэнэшхуэ зиlэщ, узыхузакъыпхъщ. Дэтхэнэ сабийми сэ срихуэупсэнт си адэ-анэм сагъэлъэгъуа сабиигъуэмкlэ. Ахэр си гъэсэныгъэм егупуащ, цlыхум и пlалъэ нэхъ Iэфl дыдэри псысэм хуэдэу схуагъэкlуащ. Сэ зэи зыми сыщагъэщlакъым, уеблэмэ къэхъуащ сыкъыщалъхуа махуэр схуагъэлъапlэу сабий спектаклыщхэ къыщызэрагъэпэща. Адэ-анэм я гулъытэ сыщымышlэу, сыкъыззэрыхъуам сринасыпифlэщ, фlыщlэшхуи яхъощlэ.

Сызэрыцlыкlурэ цlыху зэхуэсшэсыныр зыхэслъхъэ щыlакъым. Театр тепльэгъуэхэр къэзгурсыклыр, Iыхьлыхэр къезджэнти, я нэгу зезгъэужьынт. А псом сэ мыхьэнэ зэрестыр ялъагъурти, дауи, зыми «хьэуэ» кьыхэжиlэртэкъым. Илъэсиплl сыщыкъым, гъуазджэхэмкlэ сабий школым сащащ. Апхуэдэу: лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр ирехъу, кьафэу, театр гупжьейуэ щрет, зэпымыууэ зыгуэрым сыдикъхэхыу седжэу сыкъыдэкlуэтеящ.

- Илъэс 22-рэщ уэзрыхъур, ауэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм уэхтщ...

- Школым сыт хуэдэ зэхьхьэ къыщызэгъэпэщын хуейми, сфlэфlу си жэрдэм хэслъхьэ щытащ. Абы щыпсыщащ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым. «Щlэблэщlэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм сыхьхьащ. Шэч хэмылъу, иужьрейм сэ нэхъыбэ къыщысщlащ Iуэху щlэкlэм теухуауэ икlи а лэжьыгъэм нэхъри сыдикъхэхыпащ. Адэкlэ КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэмрэ Жылагъуэ палатэмрэ сыкагъэхьащ. Жылагъуэ Iуэхум ущыхэткlэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр ар пфlэгъэщlэгъэнын зэрыхуейрщ, уи гупсысэр хуэкъулейуэ щытыпхъэщ цlыхур зыгъэпlейтейм хэкlыпlэ къыхуэбгъуэтыным.

- Дауэ уеплъэ, республикэм и жылагъуэ лэжьакlуэхэм мы зэманым сыт нэхъыбэу гулъытэ зыхуащlын хуейр?

- Къэпщтэмэ, гугъуехьэр сыт хуэдэ зэманми куэду щыlэщ. Ауэ псом ялъ игъэщlапхъэщ щlалэгъуалэр, аращ къарури, гулъытэри, мылъкури зытекlуэдэн хуейр. Щlалэгъуалэ узыншэ, гъэса, щlэныгъэ зиlэ диlэмэ, ди республикэр гугъуехь псоми пэлъэщынущ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Щэнхабзэмрэ хъбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и комиссэращ сызыхэтыр. 2016 гъэр Кином и илъэсу зэрагъэувам къыхэкlыу, мы зэманым абы теухуауэ республикэм и районхэм зэlущlэхэр щыдогъэкlуэжьи, фильмхэр щыдогъэлъагъуэ.

- Дамирэ, кином и гугъу щыщlащlэ, ар уи Iэщlагъэуи щыщыткlэ, Iэмал псори уиIэу къызыщыщгъэхъуи, сыт хуэдэ фильм уэ езым щытепхынт ди щlыналъэм?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым фильм щытесхыну Iэмал згъэтамэ, шэч хэмылъу, абы лъэпкъ гупсысэмрэ хабзэмрэ лъабжьэ хуэсщlыну сыхуеинут. Iупщу икlи гукъинэу абы къыщызгъэлъэгъуэнут адыгэм и тхыдэмрэ гугъуехьу и псэм диГъэхуамрэ. Iуэхум сыт хуэдэ еплъыкlэщlэ хэплъхьэфынут, жыпlэмэ, псалъэм щlэхъщlэ зыкlыгъэкlынщ ар. Мы зэманым гъэзгъэкlыпlэм деж сыщыту къысщохъу, творческэ лэжьыгъэмрэ политикэмрэ сахэдэн хуейуэ. Зэкlэ сыхьхьэзыркъым зыгъэрым сыкъытеувыlэну.

- «Дивизия» фильмыр зэрытепхам и гугъу къытхуэщlыт, Дамирэ.

- «1КъБР», НОТР «Нальчик» телеканалхэм зэгъусэу ящlа лэжьыгъэщ ар. Зэрыфщlэщи, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэзыхьа 115-нэ шуудзэм теухуащ. А гуп цlэрыlуэм и политотделым и унафэщlу си адэшхуэм и адэ Бозий Кушбий зэрыщытам сэ куэд щlауэ сыщыгъуазэт, си анэшхуэмрэ си адэ-анэмрэ къызжаIэжауэ. Дауи, срипагэрт абы. Курыт школми, еджапlэ нэхъыщхьэ сыщыщlэтlысхьами Хэку зауэшхуэм теухуауэ зэхьхьэхэр къыщызэрагъэпэщым, сэ зэпымычу Кушбий сытепсэлъыхьырт. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщlу Вэрокъуэ Владимир зэгуэрым щыгъуазэ хъуащ 115-нэ шуудзэм и политотделым и унафэщlу щыта Бозий Кушбий сэ си адэшхуэм зэриадэм. Вэрокъуэм сытригъэгушхуэри, дэфтэрхэр зи лъабжьэ «Дивизия» фильмыр тщlащ. Жэуаплынигъэшхуэ зыпылъ Iуэхут ар. Шуудзэр лIыгъэ щlапlэ зэрихуар фильмым къыщыдоIуэтэж, щlалэгъуалэм ар Iэмал имыIэу ящlэн хуейщи. Дэфтэрхэр и лъабжьэу щытми, сэ сызэреплъымкlэ, фильмыр художественнэ щlыкlэ гуэри хэлъу хъуащ, щlыхум и гупсыси гукъеуи къыщыгъэлъэгъууэ. КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм и программэ щхьэхуэм хьыбэу, фильмыр курыт школхэм мы зэманым щагъэлъагъуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, еджакlуэхэм 115-нэ шуудзэм и хъыбарыр ящlэркъым. Абы кьыхэкlыу, ди фильмым еплъа дэтхэнэми ар сэбэп хуэхъуауэ къыщохъу. Абы хэтахэр зи лIыхъужьыр дэращ. Фильмым къыхощыж ди хэкуэгъу щlалэу мини 3-м щlигъур хахуэу, сэшхуэ фlэкlа ямыIыгъыу, бийм зэрыпэщlэтар. Си си адэшхуэм и адэр зауэм кьелри къигъэзэжат, абы и фlыгъэкlи дэ нэхъыбэ къэтщlащ. Сэ а лэжьыгъэм куэд къыхэсхащ, иужькlи кьысщхьэпэжьну. Фильмыр хъуамэ, ар я фlыщlэщ Карповский Владимир (оператор), Сухомлинов Евгений (редактор), Мысостышхуэ Маринэ (режиссёр) сымэ. Фlыщlэ яхуэощl чэнджэщэгъу сохуэхъуа Вэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ.

- Дамирэ, телевиденэм щlалэгъуалэм ятеухуа нэтын щыбогъэхьэзыр. Сыт хуэдэ щlалэгъуалэр ди зэманым?

- Абыхэм я зэманыр зэрагъакlуэмкlи дзэныхьэхэмкlи иджыпсту апхуэдизкlэ зэмыщхъ хъуащи, зыхуэдэр кьэпlуэтэну гугъущ. Дунейм псынщlэу зэрызиужьым, зэрызихъужьым кьыхэкlыу арагъэнщ ар. Мы зэманым къыдэкlуэтей щlэблэр зэчиифlэщ икlи сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи абы зиужьыну Iэмал иIэщ. Сэ сфlэфlщ икlи сфlэгъэщlэгъуэнщ си ныбжьхэм садэлэжьэну. «Молодёжный взгляд» нэтыныр зытедухуэр екъулIэныгъэ гуэр зыIэрызыгъэхьахэрщ. Апхуэдэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щащlыхун хуейщ.

- Дамирэ, зэрысщlэмкlэ, уэ иджыблагъэ Корее Ипщэм укъыкlыжащ. Плъэгъуахэмкlэ укъыдэгугъэшамэ арат.

- Куэд щlауэ сызыщlэхъуэпс гъуэгуанэт ар, сыту жыпlэмэ абыхэм я щэнхабзэм икъукlэ сыдекъэхри. Уеблэмэ Корее Ипщэм трих фильмхэм соплъ, я псэукlэм зыщщэогъэгъуазэ. Си нэ кьикlырт абы сыкъыщыхуэтэну. Корее Ипщэм и кьалащхьэ Сеул тхьмахуитlкlэ зыщщитплъыхьащ, и хъугъуэфыгъуэхэр псори здгъэльэгъуэ жьлIэ хъунущ. Икъуклэ щlыпlэ дахэщ, щыпсэухэр щlыху нэфlэгъуфlэщ икlи гъэсащ. Псори зытращlыхьащ щlыхум и тыншынIэращ. Нэгъуэщl зыми гу щlылъыстащ абдеж: ахэр лэжьэн щхьэкlэ псэукъым, атlэ псэун щхьэкlэ лажьэу ащ. Си гуэмкlэ, ар абыхэм я хьэл-нэхъыщхьэщ.

- Корее Ипщэм зыгуэр щытумыхауэ си фlэщ хъуркъым.

- Сеул и телевиденэм сыщыIащ, я лэжьэкlэм зыхэзгъэгъуэзэн щхьэкlэ. А махуэм рекламэ гуэр трахыу срихьэлIати, ахэр апхуэдизкlэ гудзакъэ яIэу Iуэхум пэрытти, зэманрэ къарууэ трагъэкlуадэм гу лъамытэжу къыщыхъуащ. Зэрылэжьакlуэшхуэмрэ я техникэр нэхъыфI дыдэхэм зэрыщыщымрэ я Iуэхур къарегъэхъулIэ.

Сеул и хъугъуэфыгъуэхэм теухуауэ зы нэтын щlыкlу абдеж щытесхащ, абы хэзгъэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мазипщlкlэ щеджа зы щlалэм и гупсысэри. Абы Налшыкрэ ди щlыхуэмрэ къызэрыщыхъуар жезгъэIащ.

Сеул и хъугъуэфыгъуэхэм теухуауэ зы нэтын щlыкlу абдеж щытесхащ, абы хэзгъэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мазипщlкlэ щеджа зы щlалэм и гупсысэри. Абы Налшыкрэ ди щlыхуэмрэ къызэрыщыхъуар жезгъэIащ.

Сеулрэ ди щlыхуэмрэ зэрыщыгъэхащ пасэрей жьлэ щlыкlухэм. Гъуэгум къыщыдихьэлIэхэм ди фащэр яГъэщlагъуэрт, къыщlэупщlэрт дыкъызыдикlам, ауэ Кавказыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыlэу ящlэртэкъым.

- Адыгэу ущытыныр сыт уи дежкlэ?

- Сыкъызыхэкlа лъэпкъым сропагэ. Ди блэкlар сыт хуэдэу мыгуузми, тхыдэ къулей диIэщ, сыт щlыгуэри дыкъалытэну, щапхъэ къыттрахыу къекlуэкlащ. Ар дэтхэнэми тщlэн хуейщ. Сэ срогушхуэ мы щlыналъэм, адыгэ лъэпкъым, си унагъуэм.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

ЩIэблэщIэм ныпыр къеIэтыж

Адыгэ ныпыр, гъуэгугъэлъагъуэу,
Ди щlэблэм нобэ къеIэтыж.
Я зэхэтыкIэм гур хигъахъуэу,
Адэшхуэ лIыгъэм хуауэтIыж.
Вагъуэ пщыкIутIыр я шабзащхьэу,
Гугъуехьым, лIыгъэм зрапщыт.
Я хамэ пащхьэ зыщагъэщхъыу,
Къэхъункъым ахэр зэ щыщыт.
БлэкIам хуэфащэу яIэщ пльапIэ
ИкIи ящIэтщ адэжьхэм ялъ.
Теувэ хъуми щIакIуэ кIапэ,
ЖрагъэIанущ - Адыгэм!!
Нэхъыжьхэр къэхъуми щызэпеIэ,
ЩIалэфIхэр нобэ зэкъуоувэж.
Лъэпкъыгур я бгъэм къыщIэроIэ.
Гъуэгу махуэ лъэпкъри тоувэж!..

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

● Гъуэгу къежьапIэ

● Щапхъэ

● Гъуазджэ

«Кабардинка» ансамблым хэт щlалэгъуалэм я зэфlэкlкlи дахэр Кфар-Камэ адыгэ къуажэм щагъэльагъуэ.
Израиль, 2016 гъэ, бадзэуэгъуэм и 30

Джатэгъэжьхэ ятотхыхь

Джатэгъэжь Элинэ Нарткъалэ дэт лицей №1-м и 11-нэ классым щIэсщ, еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщщ, ныбжьыщIэ зэпеуэхэм жыджэру зыкъыщегъэпlагъуэ. Иджыблагъэ абы апэ увыпIэр къыщихьащ Сочэ къалэ щекIуэкIа «Шаги в науку - Юг» урысей гъэмахуэ конференцым.

ЭЛИНЭ Джатэгъэжьхэ я лъэпкъ тхыдэм теухуауэ игъэхьэзыра лэжьыгъэр нэхъыфIу къыщалъытащ зэпеуэм «Тхыдэ, лъахэхутэ, географие» и Iыхьэм. Абы къыхуагъэфэщащ «Интеллект будущего» щIыхь тхылъхэр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием къыбгъэдэкIыу.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэмкIэ ди егъэджакIуэм сигъэхьэзырри, гъатхэм сыхэтащ «Генеалогия, родословная» республикэ зэпеуэм. Иужькlэ, си лэжьыгъэр Обнинск егъэзэхри, нэхъыфIхэм ящыщу ар къальитащ икlи базэуэгъуэ мазэм Сочэ къалэ щекIуэкIа «Шаги в науку - Юг» урысей гъэмахуэ конференцым срагъэблагъащ. Махуитхукlэ дыщыIауэ, зэпеуэри гъэщlэгъуэн дыдэ тщыхъуауэ дыкъэкlуэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы цIыхуибл дыхэтащ, сэ ди лъэпкъым и тхыдэр къэзгъэлъэгъуащ, щIыуэпсыр хъумэным зи лэжьыгъэ тезыухуаи къытхэтащ. Икъуклэ гуапэ тщыхъуащ Урысейм и щlыналъэ псоми къикlахэм дакъызэрыхэжаныклар, дзтхэнэ ди лэжьыгъэм и гулъытэ къызэрыхуащlар, - жеlэ Элинэ. Икlи и гуапэу я цlэ къытхуреIуэ Джатэгъэжьхэ ящыщу нэхъ цlэрыlуэ хъуахэм.

Академик Джатэгъэжь Владимирщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу философие щlэныгъэхэм я доктор япэу хъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кафедрэ зыбжанэ абы и жэрдэм хэлъу къыщызэlуахат. Къыщынэмыщlауэ, сурэтыщlэ Iэзэ диIзщ - ар Джатэгъэжь Александрщ. Ар Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, и лэжьыгъэхэр Европэмрэ Сириемрэ щыпсэу цIыху щхьэхуэхэм ящэхуауэ яхъумэ. Нэхъ щlалэlуэхэм ящыщу кьыхэбгъэщ хъуну кьысщохъу Джатэгъэжь Инал. Ар урысей футболист цlэрыlуэщ, «Рубин» къэзан клубым и гуащъхьэхъумэщ, - жеIэ пащащэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъ.

● Іэпщэрыбанэ

Мырзэкъан Азэмэт фыдэплъей!

Мэрем кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм спорт махуэшхуэ щыІэзэхэтащ. Іэпщэрыбанэ зэзэуэхэмкІэ дунейпсо чемпионатым и еТІуанэ Іыхьэр Универсальнэ спорт комплексым и алэрыбгъум щекІуэкІащ.

ЗЭПЭЩІЭТЫНЫГЪЭ гуащІэхэм щызэхуэзащ дуней псом, Европэм, Азием я чемпионхэр. Зэхьэзэхуэм и зэІуІэ нэхъыщхьэ къалъытэм, дунейпсо чемпионым и кубокым щІэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мырзэкъан Азэмэтрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я абсолютнэ чемпион Родригес Риккэрэ.

ЗэІуІэм къекІуэлІа цІыху щэ бжыгъэхэр зыдэщІ ди лъэпкъэгъум зэпэщІэтыныгъэребгъэрыкІуэныгъэкІэ къыщІидзащ. Арщхьэкіэ зыгуэр зэхэщэрыкІын Іэмалхэр къызыхукъуэкІар америкэ спортсменырыц - ди щІалэм и ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым абы къызэригъэпэща контрратакэмкІэ Мырзэкъаныр алэрыбгъум къытридзащ. Азэмэт и къыкІэлъыкІуэ ебгъэрыкІуэныгъэми апхуэдэ дыдэу къыщыщІащ.

ЗэІуІэм и екІуэкІыкІэр зэрыхуейм хуэдэу зэтезыгъэувауэ къызыріэщІа Риккэ набдзагубдзаплъагъэр фІэкІуэдащ икІи абы и зэран къекІыжащ. Ещанэ дакъикъэр екІуэкІыу арат хьэщІэм удынхэр къытелъэлъэу щыщІидзам.

Апхуэдэу телпщэныгъэр напІэзыпІэм зэрыІэщІэкІам Іэнкун къищІа Родригес ебгъэрыкІуэныгъэ къызэригъэпэщыну ипэкІэ кІуэтащ, арщхьэкІэ абы хуэхъэзыра Азэмэт Іэштіымкіэ зэкІэлъхьэжьу зыбжанэрэ Риккэ и напэм лъэІэсащ, лъакъуэкІэ и щхьэм еуэжри, и хьэрхуэгъэр кІуридащ.

Америкэм къикІа спортсменыр идджыри зэ ебгъэрыкІуэну хуежьащ ягъэ раундым и кІэух дакъикъэхэм, арщхьэкІэ абы удын къыхиха фІэкІа нэгъуэщІ къикІакъым.

Дунейпсо чемпион Мырзэкъан Азэмэт

Азэмэт Родригес токІуэ.

Бжьыпэр зыубыда Мырзэкъаным ар зыІэщІигъэКІын мурад иІэтэкъым етІуанэ раундми, уеблэмэ и ебгъэрыкІуэныгъэхэм хигъахъуэ зэпытт. Апхуэдизрэ зэкІэлъхьэужьу къауджныхь хьэщІэр щІэх-щІэхыуэ джалэ хьуащ иКІи нэхъыбэм къэтэджыжьну суДьям къыхуримыджауэ къыззэрыгъэпэщІыжыр ирауджка нэужь, Родригес Риккэ къэтэджыжьи идакъым. Зы къаруи зыхэмылъыж, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я абсолютнэ чемпионыр пэрыуэншэу адыгэ щІалэм ириубзэжьхьыхь щыхъум, судьям зэІущІэр къигъэувыІащ. Апхуэдэу Мырзэкъан Азэмэт ихьумащ нэгъабэ и дыгъэгъазэм зыІэригъэхьа Дунейпсо чемпионым и кубокыр. Кьыхэдгъэщынщи, абы щыгъуэми ди щІалэм нокаутым игъэкІуар Родригесщ.

- Азэмэт куэдкІэ нэхъыфІу зыкъигъэлъэгъуащ Родригес нэхърэ. Абы къыхэкІыу, зы Іэмали иритакъым и хьэрхуэрэгъум Кубокым щІэбэныну, - жиІащ адыгэ щІалэм и тренер Мамхэгъ Іэдэм. - ЗэІущІэм къекІуэлІа цІыху 1300-м щІигъур Мырзэкъаным щІэгъэкъуэныщхуэ хьэхуэхъуащ икІи си гъэсэным абы папщІэ псоми фІыщІэ яхуещІ.

Мырзэкъан Азэмэт къищынэмыщІауэ, Налшык щекІуэкІа дунейпсо чемпионатым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменитІ. Зи хьэлъагъыр килограмм 80-м нэблагъэхэм я зэпІэщІэтыныгъэм и еплІанэ раундым Бесльэней Нурмухьэмэд нокаутКІэ хигъэщІащ 2014 гъэм дунейпсо чемпион хъуа, Узбекистаным къикІа Караджинов Одил. Килограмм 90 зи хьэлъагъ ГугуИслъам Санкт-Петербург щыщ спортсменым щэч кІыхьитумыхьэн текІуэныгъэр къыфІихьащ.

Мы илъэсыр имыкІ щыкІэ дунейпсо зэпеуэм и ІыхьитІ идджыри зэхэтынущ. Абыхэм я хьэлъагъ елъытауэ чемпионыщІэхэр щаубзыхунущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Зэпеуэм щІидзэным къэнэжар дакъикъэ бжыгъэщ.

Мырзэкъаным и удыныр.

● Футбол

ФокІадэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и яп дивизион

ЕпщыкІуэанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 2
(мэрем)
«Химки» (Химки) - «Тюмень» (Тюмень)

ФокІадэм и 3
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«СКА-Хабаровск» (Хабаровск) - «Енисей» (Красноярск)
«Сибирь» (Новосибирск) - «Шинник» (Ярославль)
«Мордовия» (Саранск) - «Сокол» (Саратов)
«Тамбов» (Тамбов) - «Динамо» (Мэскву)
«Волгарь» (Астрахань) - «Луч-Энергия» (Владивосток)
«Спартак-2» (Мэскву) - «Зенит-2» (Санкт-Петербург)
«Тосно» (Тоснэ) - «Балтика» (Калининград)
«Кубань» (Краснодар) - «Факел» (Воронеж)

ЕпщыкІутІанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 10
(щэбэт)
«Химки» (Химки) - «Тюмень» (Тюмень)
«Зенит-2» - «Тосно»
«Волгарь» - «Спартак-2»
«Динамо» - «СКА-Хабаровск»
«Спартак-Налшык» - «Луч-Энергия»
«Балтика» - «Тамбов»
«Енисей» - «Химки»
«Тюмень» - «Сибирь»
«Нефтехимик» - «Факел»
«Шинник» - «Мордовия»
«Кубань» - «Сокол»

ЕпщыкІущанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 17
(щэбэт)
«Тамбов» - «Зенит-2»
«СКА-Хабаровск» - «Балтика»
«Спартак-2» - «Спартак-Налшык»
«Химки» - «Динамо»
«Тосно» - «Волгарь»
«Кубань» - «Шинник»
«Луч-Энергия» - «Нефтехимик»
«Факел» - «Сокол»
«Мордовия» - «Тюмень»
«Сибирь» - «Енисей»

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/16-нэ Іыхьэ

ФокІадэм и 21
(бэрэжьей)
«Спартак-Налшык» - «Краснодар»

ЕпщыкІупІанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 26
(бльщхьэ)
«Зенит-2» - «СКА-Хабаровск»
«Волгарь» - «Тамбов»
«Динамо» - «Сибирь»
«Спартак-Налшык» - «Тосно»
«Балтика» - «Химки»
«Тюмень» - «Кубань»
«Енисей» - «Мордовия»
«Нефтехимик» - «Сокол»
«Шинник» - «Факел»
«Луч-Энергия» - «Спартак-2»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

ТІощІрэ етІуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 3
(щэбэт)
«Кэнжэ (Кэнжэ) - «Горис-179-Кавказкабель» (Прохладнэ)
«Велес» (Къэрэсэш) - «Іэдииху» (Іэдииху)
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)
«Родник» (Псынэдахэ) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык)

ФокІадэм и 4
(тхьэмахуэ)
«Тэрч» (Тэрч) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Союз-Сэрмакъ» (Налшык) - «Бедик» (Аргудан)
«ХьэтІохъуащкъуей» (ХьэтІохъуащкъуей)
- «Къэхъун» (Къэхъун)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент)
- «Бахъсэн» (Бахъсэн)

ТІощІрэ ещанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 10
(щэбэт)
«Родник» - «Кэнжэ»
«Нарт» - «Горис-179-Кавказкабель»
«Бедик» - «Автозапчасть»
«Псыгуэнсу» - «Велес»

ФокІадэм и 11
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык-Д» - «ЛогоВАЗ»
«Бахъсэн» - «ХьэтІохъущкъуей»
«Къэхъун» - «Союз-Сэрмакъ»
«Іэдииху» - «Тэрч»

ТІощІрэ епІанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 17
(щэбэт)
«Горис-179-Кавказкабель» - «Іэдииху»
«Велес» - «Бедик»
«Автозапчасть» - «Къэхъун»
«ХьэтІохъущкъуей» - «Спартак-Налшык-Д»
ФокІадэм и 18
(тхьэмахуэ)
«Кэнжэ» - «Нарт»
«Тэрч» - «Псыгуэнсу»
«Союз-Сэрмакъ» - «Бахъсэн»
«ЛогоВАЗ» - «Родник»

ТІощІрэ етхуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 24
(щэбэт)
«Спартак-Налшык-Д» - «Союз-Сэрмакъ»
«Бахъсэн» - «Автозапчасть»
«Псыгуэнсу» - «Горис-179-Кавказкабель»
«Іэдииху» - «Нарт»

ФокІадэм и 25
(тхьэмахуэ)
«ЛогоВАЗ» - «Кэнжэ»
«Родник» - «ХьэтІохъущкъуей»
«Къэхъун» - «Велес»
«Бедик» - «Тэрч»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Парламентым къызэгъэпэщыныгъэ, финанс Іуэхуэмкіэ и управленэм и Іэщіагъэлі пажэ **Снегур Светланэ Виктор и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Степанюк Юрий Виктор и къуэр** игъуэ нэмысу зэрыліам къыхэкІыу.

● Бахъсэн щІыналъэ

ЩэнхабзэмкІэ унэр зэрагъэпэщыжащ

Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэр зэрызэрагъэпэщыжам къуажэдэсхэр хуабжьу щыгуфІыкІащ.

ИЛЪЭС 60 и пэкІэ къуажэм къыщызэІуахауэ щыта ЩэнхабзэмкІэ унэм совет, хамэ къэрал кинофильмхэр щагъэльагъуэрт, зэпеуэ гъэзэжьунэхэр, концертхэр щрагъэкІуэкІырт, творческэ гулъжейхэр къыщызэрагъэпэщырт. ЩэнхабзэмкІэ унэм щыхуэхъэм фІыуэ ялъагъу артистхэр, усакІуэхэр, тхакІуэхэр мызэ-мытІэу кърагъблагъащ. Ди республикэми абы и гъунапкъэхэми къыщащІыху артист, уэрэджыІакІуэ, гъуэзджэм и лэжьакІуэ куэд къыдэкІащ къуажэм. Абыхэм ящыщщ КъБР-м щыхь зиІэ и артист Зеущэ Іэуес, Къуэдз Михаил, УФ-м щыхь зиІэ и артистхэу Пщыхьэщіэ Мухьэжыр, Батыр Мухьэдин, КъБР-м и цыхуЗэ артист Мэрщэнкъул Іэдэм сымэ, нэгъуэщІкэри. Жылаэм и щІэр фІыкІэ зыгъэІуахэм ящыщщ тхакІуэ Дудар Хьэутийрэ къуажэ курыт еджапІэм зи цІэр фІаща сурэтыщІ Кьэп Мухьэмэдрэ.

Нэгъуэщ Іуэхуфіхэмкіэ къыхэжаныкіахэми ирогушхуэ жылэдэсхэр. Апхуэдэщ къуажэм къыщыхъу Іуэхуфіхэм жыджэру хэт ухуакІуэ Іэзэ, ЩэнхабзэмкІэ унэр зэгъэпэщыжыным зи гуащІэ хэзылъхьа Ездэм Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цІэрыІуэхэмрэ утыку ихьагъащІэхэмрэ зэгъусэу ята нэгуэшуэкъ концертым щІимыдзэ щыкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, Ухэуныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор, Бахъсэн щыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн, «Лидер» ухуакІуэ фирмэм и унафэщым Хуэзгъэзэ фІыщІэ псалъэхэр жаІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Бахъсэн муниципальнэ щыналъэм и унафэщым и къуэдзэ Іэхъуэбэч Андзор, Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Пщыхьэщіэ Руслан, Музыкэмкіэ театрым и солист, Къулъкъужьи Ищхъэрэ щыщ Мэршэнкъул Іэдэм сымэ.

Сыхьэтитіым щІигъукІэ екІуэкІа концертым артист цІэрыІуэхэу Зеущэ Іэуес, Хьэрэдурэ Динэ, Мэстафэ Эммэ, Джэрыджэ Мурат, ЩыхъэбахуэИслъам, Азычэ Замир сымэ, «Кавказ» уэрэджыІакІуэ ансамблыр, Бахъсэн къалэ дэт �щэнхабзэмкІэ унэм и пшынауэ гупыр, нэгъуэщІхэри хэтащ. Къулъкъужьидэсхэр псом хуэмыдэу щыгуфІыкІащ я къуажэм щыщ уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэхэу ГъукІэИслъам, Мэремкъул Ибрэхьим, Щокъуий Іэсият, пшынауэ Жыгун Эдуард сымэ.

Махуэшхуэр джэгуКІэ яухыжащ.

ВАСИЛЕНКЭ Татьянэ.

● Псапэ

Школым зыхуигъэхьэзырынымкІэ дэІэпыкъу

Урысей тезыхрэр ирегъэхьэкІынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту щекІуэкІащ псапэ Іуэху. Ар къыдаІыгъащ Налшык къалэ администрацэм Физкультурэмкіэ, спортымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэмкіэ и управленэмрэ ЦІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэкэр яхуэщІэнымкІэ центрымрэ.

УРЫСЕЙ ФСИН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд щыІащ Ирыгухэ я унагъуэшхуэм. Бынитхум я анэ Лианэ и закъуэу апІ Даянэ, Дамирэ, Миланэ, Елдар, Арсен сабийхэм ящыщу тІур школакІуэщ.

Гуапэу зэрыщІыхуц, шей зэдефэри, цІыкІуэм иратащ зыхуей школ хьэпшыпхэмкІэ гъэнщІа плІэидзэхэр, жьп телефонхэр. Апхуэдэуи сабийхэм тыгъэ хуащІащ футболкэхэмрэ кепкэхэмрэ. Мы гъэм япэ классым кІуэну, балигъ хьумэ дамэтелъ телъу лэжьыну хуейуэ жызыІа Дамирэ сэлэт фащэ дыдэ хуадыну Мэржэхъум унафэ ищІащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Зэпеуэм пхыкІхэр пщІэншэу ирагъаджэ

КъБР-м и социальнэ Іэнатіэм и инновацэ центрым социальнэ хьэрычэт Іуэху зехьэкІэм щыхуагъасэ школым щеджэнуэр къыхех.

АБЫ СОЦИАЛЬНЭ хьэрычэт лэжьыгъэм и теорием щыхагъэгъуазэ, бизнес план гъэпсыкІэм щыкІэлъагъэплъ, социальнэ проектхэр зэрагъэхьэзыр, ахэр зэрыпхагъэкІ щыкІэм тренер-чэнджэщагъуэхэм щыхурагъаджэ.

Программэр Іыхьиплъ зэхэтщ, дэтхэнэри махуихым текІыхьащ. Къыщыхах зэпеуэм пхыкІахэр пщІэншэу ирагъаджэ.

Школым къыщІэкІхэм «Социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм и лъабжьэхэр» программэм и курсхэр къызэрауахакІэ зыхуэфащэ тхьилъхэр иратыж.

2016 гъэм щыщхьэуІум и 23-м къыщыщІэдзауэ фокІадэм и 13 пщІондэ махуэ къэс сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 18 хъуху тхьилъхэр (заявкэхэр) мы хэщІапІэм щыІахьинущ: Налшык къалэ, Циолковскэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 7, 307-нэ, 311-нэ пэшхэр. Щэбэтымрэ тхьэмахуэ махуэмрэ загъэпсэху.

Заявкэм щІыгъун хуей тхьилъхэр:

1. Социальнэ хьэрычэт Іуэху зехьэкІэм и школым щІэсым и заявленэ, и ІэкІэ итхаэ;
2. Социальнэ хьэрычэт Іуэху зехьэкІэм и школым щІэсым и паспортым и копиер (япэ, еТІуанэ напэкІуэцІхэмрэ щыпсэу щІыпІэр къыщыгъэлъэгъуа напэкІуэцІымрэ);
3. Социальнэ хьэрычэт Іуэху зехьэкІэм и школым щІэсым къиуха еджапІэм и тхьилъым и копиер;
4. Ахэр зэхуагъэкІуэну зэрыарэзымкІэ тхьилъыр.

ЩІэупщІэнуэр 8(8662) 96-85-02, 96-60-93 телефонхэмкІэ фыпсалъэ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

● ХъыбарегъащІэ

СурэтыщІ Шемякин Михаил и фондым, Философиемрэ творчествэм и психологиемкІэ институтым, «Воображаемый музей Михаила Шемякина» авторскэ проектым хэту, республикэм ис сурэтыщІхэм папщІэ «Дети в искусстве» зэпеуэ къыхелъхьэ.

Зэпеуэм теухуауэ хъыбарыр нэхъ зыубгъауэ КъБР-м и Сурэтыщ Іхэм я сайтым (artkavkaz.ru) къыщыбгъэтынущ.

УпщІэ зиІэхэр фыщІоупщІэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 42-49-88; 77-39-40,40-74-39

● Бахъсэн щІыналъэ

Къуэдыуэ сом мелуани 4-м щІигъу

Гъуэгум щекІуэкІыр зытх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, 2016 гъэм щыщхьэуІум и 19 - 25-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщыщІэхэр хабзэр 16395-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 12-рэ мин 894-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 4-рэ мин 790-рэ. тралъхьам и процент 37,2-р, япшынащ, - къет КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэнущ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьэ) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Фигу къэдгъэкІыжинщи, 2016 гъэм щыщыІэм и 15-м къару зыгъуэта Федеральнэ закон №437-ФЗ-м, 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къащтам, къэзрэщыгъэлъэгъуамкІэ, гъэзгум хабзэр къызэрыщыщэзэпаудам теухуауэ тралъхьа административнэ къуэдыр и зэхуэдитІыр щхьэщащхьэкІэ хъунущ, унафэр къыщащта махуэм щегъэжьауэ 20-м къриубыдэу ятмэ. Ауэ апхуэдэ дэчыхыныгъэм псори хиубыдэркъым

Къуэдыр птельрэ птемыльрэ къыщыпІащІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, мы телефонхэмкІэ - 8 (8662) 495-551, 495-586, 495-565.

УАРДЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныныгъэр хъуэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эльэ,** *редактору* **Чэрим Марианэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1379